# Гæдиаты Секъа - хæдахуыр фыссæг



*1855-1915*

# Хъуды ком



# Арагуийы дон



# Йæ уацмыстæ:

***Секъайы псевдоним- «ФÆСХОХАГ»***

Æмбырдгонд: «Ирон фыййау» мыхуыры рацыд 1905 азы.

Уыдис дзы 25 æмдзæвгæйы æмæ 22 басняйы.

Йæ радзырдтæ, æмдзæвгæтæ, уацтæ мыхуыры цыдысты газеттæ æмæ журналты ( «Ирон газет», «Зонд», «Хуры тын», «Чырыстон цард» ).

***Цардагур рахау- бахау кодта:***

Даргъ-Къох-1882-1885 азты

Джызæл-1886-1908 азты

Саниба-1908-1910 азты

***Тæхуды Ирыстоны сæрмæ***
***Куы фенин æз хурæн йæ тынтæ,***
***Гъе, искеуы мæгуыр лæджы царды***
***Куы фенин æцæгдæр мæ фынтæ.***
***Секъа.***

- ***«Къоста æмæ Секъа иумæ сты Ирыстоны уалдзæг».***
- ***Абайты Васо***.
- ***Йæ чызг Верæйы мысинæгтæ:***
- «Секъайæн уыди æхсæз лæппуйы (Захар, Петр, Цомахъ, Алыксандр, Никъала, Афон )æмæ иу чызг –æз. Уал бинойнаджы æнцон дарæн кæм уыдысты! Бирæ тухитæ , бирæ фыдæбæттæ æвзæрстой мæ мад æмæ мæ фыд. Ганисæй куы ралыгъдысты. уæд фыццаг æрцардысты Даргъ-Къохы. Секъайæн голлагæй
- хæлаф æмæ хæдон уыд. Иу дуканигæсы кæсын æмæ фыссынæ сахуыр кодта, æмæ йын уый цалдæр адылийы хъуымац радта. Нæ мад ын дзы хæлаф æмæ хæдон бахуыдта.
- Даргъ-Къохæй нæ бинонтæ фæстæмæ ралыгъдысты Джызæлмæ, уырдыгæй та-Санибамæ…»

# Секъайы ингæн

*Хуыцау æрхаста сауцъиу –балты цинæн*
*зæронд уæлмæрдтæм…Агурын дæ ингæн*
*æвидыц пыхсы: нæй йæ кой, йæ хъæр*
*ныллæг æрхаудис адæргæй мæ сæр.*
*Кæм уа уæдæ? Æви йæ рарди зинтæн?*

*Ныббар, Секъа, дæ фидиссаг бындарæн,*
*Ныббар, Секъа: дæ ингæн дын нæ арын.*
*Кæд мард дæн æз, кæд нал уынын цæстæй*
*ды та æгас дæ, кæд æмæ дын нæй*
*ингæн, Секъа…Ныббар, поэт,ныббар мын…*

*Хъодзаты Æхсар*

# Секъа

*Цы у мæ цард? –Уыд Арвыком мæ фæндаг,*
*Мæ бæллицты уæрæх арвыл цыдтæн,*
*Фæлæ мæ цард мæ рæстæджы хуызæн,*
*Дайранау уыд уынгæг æмæ æрхæндæг.*
*Мæ дуг хæцыд мæ хъæлæсыл мæнæн,*
*Уæддæр мæ хъуыды сыгъд æмæ уырыд.*
*Мæ дзырд сымахæн дзуары хъæд-æгæнд.*
*Нæ уыд зæххыл мæ уаз фæндтæн фæрæз.*
*Ǣлгъыстау тахт дысæрон маргъ мæ сæрты,*
*Уыди мæ уæлæ сауджыны пæлæз,*
*Мæ риуы сыгъд Амыраны зынг зæрдæ,*
*Хæссын уæм ныр фæнычы нуæрстæй æз,*
*Нæртон зонды алæмæты цæхæртæ.*

*Джыккайты Шамил.*